

Prensip pou subvansyon pandemic covid-19 Legliz Frè yo Etazini oubyen Distri yo

Objektif:

Pandemic covid-19 la kreye problem, difikilte ak maladi anpil nan mond lan. Pou reponn avèk tout problèm sa yo Legliz Frè yo (Church of the Brethren) ap ofri diferan resous pou sipòte kongregasyon, distri ak patnè entènasyonal yo. Program fon covid-19 lan se youn nan resous sa yo. Rezèv ki soti nan fon ijans pou dezaz ak donasyon ki dezinye pou fon pandemic covid-19 la itilize pou bay sipò ak legliz Etazini yo, kongregasyon global ak patnè yo.

Rezon primè pou subvansyon sa se pou ede legliz ak distri Frè yo nan USA pou pote sipò imanité pou tout moun ki vilnerab nan legliz yo ak kominote yo. Li genyen ladanl moun ki malad, mezon ki genyen yon sèl paran, granmoun, timoun, vèv, endikap, imigran ak moun kap viv nan povrete. Nou ankouraje legliz yo pou yo asiste kominote yo avèk yon repons ki baze sou bezwen kominote yo epi kòdone aktivite avèk lot òganizasyon.

Subvansyon an ap bay si prensip sa yo konsidere nan demand la ak nan planifikasyon program nan:

Demand la dwe se pou yon program imanité ak entèvansyon, nou dwe konsidere youn oubyen plis nan pwèn sa yo:

- Asistans manje oubyen program manje kwit
- Mezon tanporè,abri oubyen asistans nan lwaye
- Swen spirityèl ak emosyonèl
- Program ki sipòte ak pran swen lidè nan la fwa yo
- Sipòte timoun ak edikasyon
- Asistans avèk la sante oubyen aksè a la sante
- Ekipman pou enplimante program, tankou ekipman pou proteksyon

Aktivite sa dwe sèvi tout moun san gade sou, ras, kwayans, relijyon oubyen stati ekonomik.

Kongregasyon ak distri yo dwe kontribye, oubyen aksè ak lòt fon, volonte oubyen lòt sevis pou agrandi enpak fon an.

sibvansyon sa yo ap bay nan distri daprè mezi ka covid-19 pou resous sa yo kapab rive kote ki genyen plis bezwen. Lòt faktè ki genyen nan desizyon pou bay asistans sa yo depan de konbyen moun nou sevi, tan program nan ap dire, moman dirab pou program nan ak jan volonte yo patisipe,

Sibvansyon don: dirèkteman a kongregasyon juska \$5,000; dirèkteman a distri juska \$25,000.

Don adisyonèl: lòt adisyonèl don kapab distribye ak menm kongregasyon oubyen distri nan mwa Jen epi lap konsidere nan komansman Jiyè si toujou genyen fon disponib. Dwe genyen yon rapò ki bay sou premye don an avan konsidere fon adisyonèl.

Rapò program: Yon brèf rapò kidwe genyen ladan lè program lan te fini avèk tout sa ki te akonpli nan program nan a bdm@brethren.org. Rapò a dwe genyen depans, yon brèf detay sou program lan, benefisyè yo avèk enpak program nan. Souple pataje istwa ak foto sou ministè sa a.

Kesyon: kontakte Brethren Disaster Ministries nan 800-451-4407 oubyen bdm@brethren.org

**Fòm pou demand Pandemic Covid-19
Legliz Frè yo Etazini oubyen Distri yo**

Souple ajoute enfòmasyon sa yo

Legliz/Distri:

Adress:

City/State/Zip:

Dat de demand lan:

Pastè Legliz la oubyen Direktè Distri a:

Email ak telefòn:

Moun pou kontakte

Non:

Wòl li nan Legliz la (manm, prezidan komite,etc)

Nimewo telefòn:

Email:

Kantite lajan

Nan yon brèf deskripsyon montre bezwen sibvansyon an ak plan program nan ki genyen pwen sa yo ladanl:

- A- Bay yon brèf deskripsyon sou efè pandemic Covid-19 nan fèt nan kominote legliz la oubyen distri a.
- B- Bay yon lis oubyen yon brèf deskripsyon pou bezwen sibvansyon an.
- C- Bay yon brèf deskripsyon de popilasyon, oubyen group oubyen ki kote program nan ap sèvi.
- D- Dekri ki program oubyen entèvansyon sibvansyon sa a ap finansye. Objektif projè a, konbyen tan lap dire ak koman lap adapte prensip yon ki nan aplikasyon an.
- E- Bay yon bidjè senp pou projè a. souple ajoute sibvansyon, volonte oubyen lòt resous legliz la, distri oubyen lòt group ap bay.
- F- Antisipasyon alontèm pou program nan.

Siyati moun ki fè demand lan

Date demand lan